

SIJÈ	ENFÒMASYON ENPÒTAN
Yo konsidere timoun k ap viv nan kondisyon sa yo kòm timoun sanzabri pou dwa yo genyen pou edikasyon dapre Lwa McKinney-Vento :	<ul style="list-style-type: none"> • Si timoun lan ap viv nan yon sant refij <i>shelter</i>, yon sant refij pwovizwa, yon motèl, yon tèren pou kan, oswa si yo abandone l nan yon lopital, oubyen si l ap tann yon kote pou l ale nan yon <i>foster care</i>. • Nan yon machin, yon pak, yon plas piblik, yon otobis, yon tren oubyen nan yon bilding abandone. • Oblije rete ka zanmi oubyen ka fanmi paske w paka jwenn oubyen pa ka peye pou yon kay.
Jèn ki pa sou kont adilt	<ul style="list-style-type: none"> • Jèn ki pa sou sipèvizyon yon paran oswa yon gadyen legal, epi ki koresponn ak definisyon moun sanzabri jan nou eksplike l pi wo a <p>Jèn ki pa gen kay pou yo rete, ki pa sou sipèvizyon yon adilt gen menm dwa ak elèv ki pa gen kay pou rete ki abite avèk yon paran oswa yon gadyen legal.</p>
Timoun ki klase nan definisyon Lwa McKinney-Vento pou sanzabri, gen dwa sa yo:	<ul style="list-style-type: none"> • Pou edikasyon leta gratis. • Pou yo enskri yo touswit nan lekòl sektè yo abite a. • Pou ale lekòl kèlkeswa kantite tan y ap viv kote y ap viv la. • Pou rete lekòl yo te ye a (lekòl yo te ye avan yo vin sanzabri oubyen dènye lekòl yo te ye a), oubyen pou yo chwazi ale nan nouvo lekòl sektè yo abite a. • Pou jwenn transpò pou ale lekòl ak tounen lakay yo. • Pou yo pa refize enskri yo nan lekòl menmsi yo pa nan sitiyasyon yo ye a, oubyen menmsi yo pa gen ase dokiman pou enskripsyon. • Pou yo nan pwogram regilye lekòl la menmsi yo sanzabri. • Pou yo bay yo manje lekòl gratis.
Enfòmasyon enpòtan:	<ul style="list-style-type: none"> • Chak Sant sèvis entegre <i>Integrated Service Center</i> (ISC) nan minisipalite genyen omwen yon ekspè nan domèn elèv ki nan lojman tanporè <i>Students in Temporary Housing</i> (STH), ki sèvi kòm lyezon STH, epi ki dirije pwogram ak sèvis ki la pou ede timoun ki sanzabri yo kontinye edikasyon yo. Ekspè nan domèn STH la sipèvize yon gwoup Asistan pou fanmi. • Chak Rezo Timoun Dabò <i>Children First Network</i> (CFN) genyen yon lyezon STH yo chwazi ki la pou ede timoun ki sanzabri avèk bezwen yo nan domèn edikasyon. • Anplis, Distri 75 ak Distri 79 yo chak genyen yon lyezon STH ki disponib pou ede timoun ki sanzabri avèk bezwen edikatif yo. • Asistan fanmi yo tabli nan refij <i>shelter</i> yo ak nan kèk lekòl. Yo responsab pou ede paran sanzabri yo ak pitit yo onivo bezwen edikatif yo. • Asistan Fanmi yo la pou ede paran/gadò timoun lan avèk fòmalitye enskripsyon lekòl, pou jwenn vaksen, dosye lekòl, epi pou fè aranjman pou mwayen transpò aleritou lekòl. Anplwaye lekòl la pa dwe ezite kontakte lyezon STH yo pou kesyon patikilye, pou fè aranjman pou estaj fòmasyon, oubyen pou ede elèv ki viv poukont yo.
Chwa lekòl :	<p>Lekòl yo dwe pèmèt paran/gadò chwazi lekòl pou pitit yo ale lè pitit yo sanzabri. Paran an/gadò a kapab chwazi yon lekòl dapre sitiyasyon sa yo :</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Lekòl timoun lan te ye lè l te gen kay pèmanan pou l rete (lekòl li te ye anvan li vin sanzabri); b) Dènye lekòl li te ye a; oubyen c) Nenpòt lekòl ki disponib pou timoun ki rete an pèmanans nan yon kay kote timoun sanzabri a rete pou kounye a.
Enskripsyon lekòl : (Sa aplikab sèlman pou pitit ou a pa nan yon lekòl pou kounye a, oubyen si w bezwen chanje l lekòl)	<ul style="list-style-type: none"> • Lekòl primè – Enskri pitit ou a nan lekòl sektè ou ye a. Si pou kounye a ou rete nan yon refij <i>shelter</i> <i>Department of Homeless Services</i> nan Vil Nouyòk, asistan fanmi nan <i>shelter</i> w la ap kapab ede w si w bezwen. Si pa gen yon asistan fanmi nan <i>shelter</i> w la oubyen si w pa rete nan yon <i>shelter</i>, tanpri kontakte lyezon STH ou a pou l ede w. • Lekòl presegondè – menm bagay ak lekòl primè yo eksepte lè distri yo pa gen lekòl presegondè pou sektè yo, kidonk ou dwe ale nan Sant enskripsyon minisipal la. Pou w ka jwenn kibò Sant enskripsyon minisipal la ye, tanpri rele 311. • Lekòl segondè – tout elèv lekòl segondè dwe enskri nan Sant enskripsyon minisipal la. Pou w ka jwenn kibò Sant enskripsyon minisipal la ye, tanpri rele 311.
Dezakò sou enskripsyon:	<ul style="list-style-type: none"> • Si diskisyon leve konsènan lekòl yo seleksyone pou pitit ou a oswa enskri l, yo dwe pran pitit ou a touswit nan lekòl ou vle yo admèt li a jiskaske yo jwenn yon solisyon konsènan diskisyon an. • Yo dwe bay paran an/gadò a yon dokiman kote yo eksplike l desizyon yo pran sou diskisyon an ansanm avèk dwa l pou l ale ann apèl, epi yo dwe refere l ba asistan fanmi STH la oubyen lyezon STH la pou yo ka ede l.
Transpò:	<ul style="list-style-type: none"> • Elèv ke yo kalifye kòm sanzabri dapre Lwa <i>McKinney-Vento</i> gen dwa pou jwenn transpò ale lekòl ak tounen lakay, si l nesèsè. • Y ap bay elèv klas matènèl rive klas 6yèm ane mwayen transpò nan otobis si gen plas ki disponib, sinon, y ap kalifye pou resevwa <i>MetroCard</i> pou elèv. • Paran/gadò elèv prematènèl rive klas 6yèm ane ki kalifye pou mwayen transpò, epi ki resevwa <i>MetroCard</i> pou elèv, kalifye tou pou resevwa èd pou transpò piblik (<i>MetroCard</i>) pou akonpaye pitit yo. • Elèv nan klas 7yèm jiska klas 12 yèm ane kalifye pou <i>MetroCard</i> elèv.